ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№193 (23.351) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КIуэкIуэ Юрий я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм яIущIащ

**Дыгъуасэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и жылагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэм ящыщу зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщIыр хэплъащ социальнэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм, псэупIэ Iуэхухэм япыщIа лъэIухэм икIи зыхуэфащэ IэнатIэхэм пщэрылъ ящищIащ цIыхухэм зыкъызэрыхуагъазэхэм набдзэгубдзаплъэу хэплъэу ахэр и зэманым зэфIагъэкIыну.

Илъэсыр къызэрыунэхурэ республикэм и УнафэщIым лъэIу зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыкъыхуагъэзащ цIыхуи 115-м.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КIуэкIуэ Юрийрэ Кадыров Рамзанрэ Налшык щызэхуэзащ



**Лэжьыгъэ IуэхукIэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхуэзэри зэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзанрэ.**

АБЫХЭМ къыхагъэщхьэхукIащ зэгъунэгъу щIыналъитIым яку зэкъуэшыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ зэрыдэлъыр, ахэр экономикэм, егъэджэныгъэм, медицинэм, спортым, щэнхабзэм я IэнатIэхэм зэрыщызэдэлажьэм нэхъри зегъэужьын зэрыхуейр. Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным пыщIа Iуэхухэр.

КIуэкIуэ Юрий хьэщIэм ехъуэхъуащ 2016 гъэм фокIадэм и 18-м екIуэкIа хэхыныгъэхэм ар нэрылъагъуу зэрыщытекIуамкIэ икIи щIыналъэм и унафэщIу аргуэру зэрыхахыжамкIэ. Апхуэдэ текIуэныгъэм къегъэлъагъуэ иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу Шэшэн Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр тэмэму зэрекIуэкIар.

Ди республикэм щыщыIа зэманым къриубыдэу Кадыров Рамзан Налшык къалэм Кадыров Ахъмэт хьэжым и цIэр зэрихьэу щыIэ уэрамым еплъащ, апхуэдэу Шэшэн Республикэм и япэ Президент, Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Ахъмэт-хьэжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерийрэ я фэеплъу зэзауэ зэхэт спортымкIэ Налшык щрагъэкIуэкI Кавказ чемпионатыр къыщызэIуахым хэтащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Кадыров Рамзанрэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Ахъмэт-хьэжым и цIэр зэрихьэу Налшык щыIэ уэрамым еплъащ

ШЭШЭН Республикэм и Iэтащхьэ Кадыров Рамзанрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысейм и ЛIыхъужь Кадыров Ахъмэт-хьэжым и цIэр зэрихьэу Налшык щыIэ уэрамым кIуащ икIи Шэшэн Республикэм и япэ Президентым и щIыхькIэ абы щагъэува фэеплъ пхъэбгъум деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и уэрамхэм ящыщ зым Шэшэн Республикэм и япэ Президентым и цIэр фIащащ зи лъэпкъым псэемыблэжу хуэлэжьа, абы и къэкIуэнур зыубзыхуа цIыху гъуэзэджэм хуащI пщIэм и дамыгъэу.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*





## КIуэкIуэ Юрийрэ Кадыров Рамзанрэ зэхьэзэхуэ иныр Налшык къыщызэIуахащ

**Тхьэмахуэ махуэм КIуэкIуэ Юрийрэ Кадыров Рамзанрэ Налшык къыщызэIуахащ зэзауэ зэхэтхэмкIэ Кавказым и чемпионатыр, къэрал куэдым я лIыкIуэхэр зыхэтыр. Ар Урысейм и ЛIыхъужь, Шэшэн Республикэм и япэ Президент Кадыров Ахъмэт-хьэжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерийрэ я цIэкIэ къызэрагъэпэщащ. ЗэIущIэм и пэ къиихуэу республикитIым я Iэтащхьэхэр Олимп аллеем щыкIуам абыхэм къаIущIащ иужьрей Олимп зэхьэзэхуэм щытекIуа Мудрэн Беслъэн, абы дыжьын медалыр къыщызыхьа Джэду Iэниуар, спортым дихьэх нэгъуэщI цIыху куэд.**

«ГЛАДИАТОР» спорт комплексым къекIуэлIахэр цIыху мин зыбжанэ хъурт. Абыхэм яхэтт КъБР-мрэ Шэшэнымрэ я къэрал властым и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ инхэм я лIыкIуэхэр. Я зэфIэкIыр Налшык щагъэлъэгъуэн папщIэ зэхьэзэхуэм кърихьэлIащ Италием, Бразилием, Германием, Испанием, Украинэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм - Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэн Республикэм, Ингуш Республикэм, Дагъыстэн Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ спортсмен цIэрыIуэхэр.

Чемпионатым хэтхэм сэлам гуапэ ярихри КъБР-м и Iэтащхьэм хэхауэ жиIащ мы зэхьэзэхуэр Кавказым и цIыху гъуэзэджэхэм - Урысейм и ЛIыхъужь, Шэшэн Республикэм и япэ Президент Кадыров Ахъмэт-хьэжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерийрэ я цIэкIэ къызэрызэрагъэпэщар.

Зи ныбжьыр мы гъэм илъэс 65-рэ ирикъун хуея Кадыров Ахъмэт-хьэжы тхыдэм хыхьащ лIыгъэшхуэ зыхэлъа икIи зэфIэкIышхуэ зиIэу щыта цIыху пэжу, жиIащ къэпсалъэм. КъызыхэкIа лъэпкъым хуэлэжьэн фIэкIа абы нэгъуэщI мурад иIакъым. Шэшэн Республикэм и мамырыгъэ гъуэгум и лъабжьэр иубзыхури, абы шэшэнхэр зэкъуигъэуващ икIи цIыхубэм я къэкIуэнум, Урысей къэралыгъуэм и къэкIуэнум папщIэ и гъащIэр итащ. Кадыров Ахъмэт-хьэжым иубзыхуа гъуэгум текI имыIэу ирокIуэ абы и къуэр.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми я цIэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэр Кадыров Рамзан ехъуэхъуащ абы дзыхь ин къызэрыхуащIамкIэ икIи Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэу зэрыхахыжамкIэ.

ЦIыхубэм я гум зэи ихунукъым политик губзыгъэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр, пищащ адэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм. Мы гъэм абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ хъунут Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ нэхъ псэзэпылъхьэпIэу щыта лъэхъэнэм абы хузэфIэкIащ республикэм, ди цIыхухэм я зэкъуэтыныгъэр ихъумэн. КIуэкIуэ Валерий зэи шэч къытрихьакъым Урысей Федерацэм и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэн, Урысей къэралыгъуэр хъумэн зэрыхуейм икIи ди республикэм и къэкIуэнур Урысейм къыгуэпх зэрымыхъунум. «Шэшэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ исхэр иропагэ апхуэдэ цIыху гъуэзэджэхэр зэрыдиIам», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Юрий.

КIуэкIуэ Валерийрэ Кадыров Ахъмэт-хьэжымрэ я фэеплъыр икъукIэ зэрылъапIэр къыхигъэщхьэхукIри, Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щыгъэбыдэнымкIэ абыхэм ялэжьар «цIыхубэм пэжыгъэкIэ яхуэлэжьэным и щапхъэу» къызэрилъытэр. Зэхьэзэхуэм хэтхэм ехъулIэныгъэхэр къахьыну ехъуэхъури, Кадыров Рамзан Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимпиадэм и чемпион Мудрэн Беслъэн автомашинэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым и Iункlыбзэр иритащ.

Къызэхуэсахэм я Iэгуауэ иным щIэту Шэшэн Республикэм и унафэщIым иратащ IэпщэрыбанэИ спортым щыхуагъасэ «Рамзан» спорт клубым и бгырыпхыр. АдэкIэ Урысейм и Гимным и макъамэм щIэту къэралым и ныпыр яIэтри зэхьэзэхуэр къызэIуахащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Тырныауз комбинатыр щIэрыщIэу яухуэжынущ

### КIуэкIуэ Юрий жэуап иритащ «Российская газета» газетым и корреспондентхэм я упщIэхэм

**Ахъшэншэ зэрыхъуам къыхэкIыу илъэс тIощIым щIигъу япэкIэ къэувыIауэ щыта Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр къэралым и дэIэпыкъуныгъэкIэ щIэрыщIэу зэтрагъэувэжынущ. «Российская газета» газетым и журналистхэм апхуэдэу яжриIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.**

ПРЕДПРИЯТЭР ежьэжа нэужь къагъэсэбэпу щIадзэжынущ Урысейм и Европэ Iыхьэм щыIэ вольфрам-молибден къыщIэхыпIэ нэхъ лъэщ дыдэр. IэщIагъэлIхэм къызэрабжамкIэ, комбинатыр и лъэщагъ псомкIи къагъэсэбэпу щIадзэжа нэужь абы гъэ къэс вольфрам, молибден рудауэ тонн мелуаным нэс къыщIахыфынущ. Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ а щIыпIэ дыдэм дыщэу куэд щыIэу къызэрахутар икIи а металл лъапIэр къыщIэхыным пыщIа лэжьыгъэхэри зэрекIуэкIынур.

Комбинатыр зэтегъэувэжынымрэ ар лажьэу утIыпщынымрэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къэралым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ, сыту жыпIэмэ, абы къыщIихыну рудар зыхъумэжыныгъэмкIэ промышленностым зыубгъуауэ къыщагъэсэбэп. А псори къалъытэри, стратегие мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ къащтащ комбинатыр зэман кIэщIым къриубыдэу зэтегъэувэжыным теухуауэ, къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Юрий.

Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ Корпорацэм нэхъ япэкIэ хэIущIыIу ищIауэ зэрыщытам ипкъ иткIэ Тырныауз комбинатыр зэтегъэувэжынымрэ ар лажьэу утIыпщынымкIэ инвестор нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Ростех» къэрал корпорацэр, Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэр, Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ министерствэр.

*«Российская газета» газетым къытехуа тхыгъэхэм япкъ иткIэ.*

## НОБЭ

- **Псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ**
- **Жэпуэгъуэм и 4 - 10-хэр Хьэршым и дунейпсо тхьэмахуэщ**
- **ЦIыхубэм я дежкIэ Хьэрш лъэхъэнэм щыщIидза махуэщ, Астронавтикэм и дунейпсо федерацэм 1967 гъэм игъэуващ.** 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м СССР-м дунейм щыяпэу ЩIым и Iэрыщl спутникыр хьэршым иутIыпщащ.
- **Урысейм и Дзэ-Хьэрш къарухэм я махуэщ**
- **УФ-м и МЧС-м граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэхэм я махуэщ**
- **1904 гъэм** къызэрагъэпэщащ «Гётеборг» (Швецие) футбол командэр.
- **1910 гъэм** Португалиер республикэ зэрыхъуам теухуа унафэ къащтащ.
- **1916 гъэм** и лъабжьэр ягъэтIылъащ Романов-на-Муроме къалэм. Совет властыр ува нэужь абы и иджырей цIэр - Мурманск - фIащащ. 1985 гъэм абы Къалэ-лIыхъужь цIэр фIащащ.
- **1921 гъэм** РСФСР-м и Къэрал банкыр къызэрагъэпэщащ.
- **1976 гъэм** Ипщэ Уралым щыяпэ еджапIэ нэхъыщхьэр - Челябинск дэт къэрал университетыр - къызэIуахащ.
- **1986 гъэм** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр къызэрагъэпэщащ.
- Франджы усакIуэ, политик, «Интернационал» гимным и псалъэхэр зытха **Потье Эжен** къызэралъхурэ илъэс 200 ирокъу.
- Журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Къумахуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Бзаджэри дахэм егъэIумпIафIэ.**

## Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм я гъэсакIуэхэм я махуэшхуэр ягъэлъэпIащ

**Бахъсэн районым щыщ Кыщпэк къуажэм и сабий садым иджыблагъэ щекIуэкIащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэшхуэм теухуа республикэ зэхыхьэ.**

АБЫ ирихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ – республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэмрэ я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ, Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къанэмэт Рустам, КъБР-м и министерствэ щхьэхуэхэм, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ я управленэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр.

Къызэхуэсахэр а зэхыхьэм щызэхъуэжащ сабийхэм я зэхэщIыкIыр къэIэтыным, абыхэм гъэсэныгъэ тэмэм етыным хуэгъэзауэ къагъэсэбэп IэмалхэмкIэ. Апхуэдэу сурэт выставкэ хьэлэмэт къызэрагъэпэщащ сабий садхэм я гъэсэнхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ ятеухуауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым къыщыпсалъэм Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм я зэфIэкIыр зэтегъэувэным хуабжьу мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абыхэм щIэуэ ялъагъу псори псынщIэу къызэрапхъуатэр, абы къыхэкIыу зыпэрыт лэжьыгъэм гъэсакIуэхэр хуабжьу гудзакъэ яхэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр.

Сабий садхэм екIуалIэхэм ядэлажьэ псоми фIыщIэ яхуищIу къэпсэлъащ егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр Емуз Нинэ. ЗэIущIэр зэхуащIыжащ районым и сабий сад зыбжанэм я гъэсэнхэм я концерт нэгузыужьымкIэ.

**АЛБОТ Людмилэ.**





## Бахъсэн щIыналъэ

## Пхъэщхьэмыщхьэ бэв къэрахьэлIэ

**НэгъуэщI къэралыгъуэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэхэм я пIэм иувэн ди щIыналъэм къыщыгъэкIыным телажьэ IуэхущIапIэхэм къахэхъуэ зэпытщ. Абыхэм ящыщ зыщ Куба жылагъуэм и «Перспектива» агрофирмэр.**

АБЫ ГЕКТАРИ 5 къегъэщIылIащ, гектар къэс жыг мини 3-м щIигъу хэту. «Интенсивнэ жыг гъэкIыкIэм» зэрыхуэкIуам и фIыгъэкIэ зы гектарым хуэзэу пхъэщхьэмыщхьэ тонн 60-70 къытрах илъэс еханэ хъуауэ, икIи ар зыщыгуфIыкIыпхъэ ехъулIэныгъэщ.

«Перспектива» агрофирмэм и пхъэщхьэмыщхьэр кърехьэлIэжри, нэрылъагъущ гъэ псом зэгугъуам къызэримыгъэщIэхъуар. IуэхущIапIэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэ зэпэщ иIэщ. Агрофирмэм Урысейм и щIыпIэхэм иригъэшэнущ мыIэрысэ хэплъыхьауэ тонн миным щIигъу.

**ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Борис.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм муниципальнэ зэхуаку маршрутхэмкIэ цIыхухэр зэпымыуууэ къызэрырашэкIыну планым и тхылъыр къэщтэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 19-м* *Налшык къалэ*
*№173-П-П*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм муниципальнэ зэхуаку маршрутхэмкIэ цIыхухэр зэпымыуууэ къызэрыщрашэкIыну планым и тхылъ мыбы щIыгъуур къэщтэн.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм муниципальнэ зэхуаку маршрутхэм цIыхухэр зэпымыуууэ къызэрыщрашэкIыну планым и тхылъым и гъэзэщIакIуэ нэхъыщхьэу гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетыр.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2016 гъэм фокIадэм и 29-м* *Налшык къалэ*
*№500-рп*

1. «Къэбэрлей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм патентхэм япкъ иткIэ налогхэр зэрыщытралъхьэ щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьямрэ абы и гуэдзэнымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр дэIыгъын икIи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэплъэн папщIэ хуегъэхьын.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм елъэIун мы законопроектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хуигъэхьыну икIи абы щыхэплъэкIэ езым и официальнэ лIыкIуэу хэтын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев М. Б. игъэкIуэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий**



● ЗэIущIэхэр

# Нэхъыжьхэр я хьэщIащ

**Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу нэхъыжьхэр яхуэзащ сабийхэм зыщрагъэужь «ДыгъафIэ къалэ» академием щеджэхэм. НыбжьыщIэхэм я хьэщIащ КъБР-м, абы и къалэхэмрэ районхэмрэ я ветеранхэм я советхэм я лIыкIуэхэр.**

IУЭХУ гуапэм и пэ къихуэу Зауэм, Лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я советым и Iэтащхьэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** иригъэкIуэкIащ республикэ советым и президиумым и зи чэзу зэIущIэ.

Абы Iуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъащ. Гулъытэ хэха хуащIащ къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщхэм пщIэ яку дэлъын зэрыхуейр хьэкъыу япхыкIауэ къыдэкIуэтеинымкIэ щIапхъэхэм. А лъапIэныгъэхэр къэкIуэнур зей щIэблэм яхэлъхьэныр нэхъыжьхэм я къалэн нэхъыщхьэщ. Ди зэман гугъум щIэблэр хуэущиин хуейщ я хэкур фIыуэ ялъагъуным, абы хуэпэжыным, я тхыдэр, лъабжьэр ящIэным.

Нэхъыжьхэр тепсэлъыхьащ зи ныбжь хэкIуэтахэм а мазэм къриубыдэу ирагъэкIуэкIыну «ПсапащIэ» лэжьыгъэм. Илъэс къэси хуэдэу, ветеранхэм я советхэм щыгъуээ защIащ зи ныбжь хэкIуэтахэм я щыIэкIэ-псэукIэм икIи зыдэIэпыкъунухэр ягъэбелджылащ.

- Нэхъыщхьэр жьы хъуахэм гулъытэ яхуэщIынырщ, я гъащIэр нэхъ гъэщIэгъуэн ящыщIынырщ, псом хуэмыдэу зи закъуэхэм. Дэрэжэгъуэ еттын, гуапагъэ зыхедгъэщIэн - сыт хуэдэ гулъытэ мащIэри абыхэм я дежкIэ лъапIэщ, - жиIащ Шыхъуэбахъуэм.

АдэкIэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд къызэхуэсахэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ Зауэм, Лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я урысейпсо жылагъуэ организацэм и УставыщIэм и проектым. ЗэIущIэм и кIэухым хахащ урысейпсо жылагъуэ организацэм и лэжьыгъэр къыщипщытэжыну конференцым лIыкIуэу ягъэкIуэнур. А дзыхьыр ирагъэзащ республикэ советым и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд.

Президиумым и зэIущIэм хэтащ Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ управленэм и лIыкIуэ **Шевченкэ Аллэ**.

ЗэIущIэм хэта ветеранхэм иужькIэ яунэтIащ хьэщIэ лъапIэхэм къащыпэплъэ «ДыгъафIэ къалэ» академием. Налшык къалэ округым и ветеранхэм (пенсионерхэм) я советым и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа** япэщIыкIэ ахэр ишащ Къэбэрдей уэрам къагъэщIэрэщIэжар яригъэлъагъуну.

«ДыгъафIэ къалэм» нэхъыжьхэр щригъэблэгъащ Сабий творчествэмкIэ академием и унафэщI **Джаппуевэ Тамарэ**. Абыхэм ирагъэлъэгъуащ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэща хореографие, актовэ, спорт, конференц пэшхэр. Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд ныбжьыщIэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ яригъэцIыхуащ дэщIыгъу и ныбжьэгъухэр. ЕджакIуэ цIыкIухэм гуапэу ирагъэблэгъащ хьэщIэ лъапIэхэр. Абыхэм нэхъыжьхэм хуагъэхьэзырат концертрэ саугъэтхэмрэ.

Хэку зауэшхуэм и ветеран **Багъ Сафудин** ТекIуэныгъэм и бэракъым тращIыкIар «ДыгъафIэ къалэ» академием иритри, ныбжьыщIэхэм IуэхуфIхэм хуэзыущий псалъэ гуапэ яжриIащ.

**УАРДЭ Женя.**

*Сурэтхэр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*





# САНЭ Иринэ Умар и пхъур



Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Куэдрэ мысымэджауэ дунейм ехыжащ Санэ Иринэ Умар и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр, Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и журналистыр, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытар, республикэм и электрон хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ печатымрэ зэтегъэувэным икIи зегъэужьыным зи гъащIэр хуэзыгъэпсар, цIыху хьэлэмэтыр, IэщIагъэлI гъуэзэджэр. Иужьрей илъэсхэм ар «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ.

Налшык къыщалъхуа икIи къыщыхъуа Санэ Иринэ журналист лэжьыгъэр Шэджэм районым къыщыдэкI «Красное знамя» газетым и корреспонденту иригъэжьащ. АдэкIэ район газетым и редакторым и къуэдзэ хъуауэ, ар КъБАССР-м и Къэрал телерадиокомитетым ирагъэблагъэри, хъыбарыщIэ программэхэмкIэ редакцэ нэхъыщхьэм и редактор нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ щытащ. «Къэббалъкътелерадио компаниер» къызэрагъэпэща нэужь телеканалыщIэм и редактор нэхъыщхьэу, иужькIэ къэрал телерадикомпанием и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

1998 - 2005 гъэхэм Санэ Иринэ республикэм и газет нэхъыщхьэм - «Кабардино-Балкарская правда» газетым - и унафэщIу щытащ. Ар апхуэдэу парт органхэми, КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэми щылэжьащ. Сыт хуэдэ унафэщI къулыкъу имыIыгъами, Санэ Иринэ лэжьакIуэхэм гулъытэшхуэ яхуищIу екIуэкIащ. Ар журналист ныбжьыщIэхэм зэпымыууэ ядэIэпыкъурт. Иджыпсту телевиденэм, печатым, пресс-IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ящыщу пщIы бжыгъэхэм иригушхуэу ягу къагъэкIыж журналистикэм и щэхухэм Санэ Иринэ и деж щыхуеджэу зэрыщытар.

Республикэм и журналистикэм и тхыдэм ар зи IэщIагъэм хуэIэзэ икIи гудзакъэ зыхэлъ цIыхуу хыхьащ. Санэ Иринэ зэи ящыгъупщэнкъым абы дэлэжьахэмрэ и гъэсэну щытахэмрэ.

**КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитет,**
**Налшык къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и совет,**
**Налшык къалэ округым и администрацэ,**
**КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ.**



● Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэм

# Фэеплъым и хъумакIуэхэр

**Дзэ Плъыжьым и зауэлI 19-м къащIэнахэр къыщагъуэтыжащ Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIухэм. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда а лIыхъужьхэм я лъэужьым техьар Ипщэ Дзэ округым къулыкъу щызыщIэхэрщ. Мы лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгыхэм щрагъэкIуэкIащ «Фэеплъым и хъумакIуэ-2016» зыфIаща Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ.**

МЫ ГЪЭМ а къалэнхэр зыгъэзащIэу бгым ихьа гупым хэтащ округым контракт зэгурыIуэныгъэкIэ къулыкъу щызыщIэ зауэлI 80-мрэ жылагъуэ-лъыхъуакIуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэмрэ. Абыхэм къаплъыхьащ Iуащхьэмахуэ и «Гарабаши», «Мылылъэ базэ», «ЗыплъыхьыпIэжь» щIыпIэхэр.

Iуащхьэмахуэ и Iэхэлъахэхэращ здэщыIар ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и фронт нэхъ лъагэ дыдэр. Дэфтэр тхылъхэм къызэрыхэщыжымкIэ, бийр Iуащхьэмахуэ къыщебгъэрыкIуэм екIуэкIа зэхэуэхэм ди зауэлI 366-рэ хэкIуэдащ. Абыхэм ящыщу 200-м нэблагъэм къащIэнахэр къагъуэтыжащ икIи щIалъхьэжащ.

ЛIыхъужьыгъэкIэ псыхьа, псапэшхуэ зыпылъ мы Iуэхур япэ дыдэу Терскол посёлкэм щрагъэкIуэкIащ 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м, Кавказыр хъумэным теухуа зауэр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ. «Iуащхьэмахуэ мемориал» гупым и гъусэу дзэ къулыкъущIэхэм къалъыхъуащ Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэм бгыжь уардэм и джабэ нэкIухэм, «Донгуз-Орун», «Азау», «Терскол», «Ирикчат» щIыпIэхэм зи псэр щызыта ди зауэлIхэм къащIэнахэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# КIэртIофыр яхуэбэгъуащ

**Бахъсэненкэ жылагъуэм мы гъэм кIэртIоф бэгъуа къетIыж: зы гектарым хуэзэу къытрахыр нос центнер 280-300-м.**

ГЕКТАР 60-м щIигъум хаса хадэхэкIым и чэзум агротехникэ лэжьыгъэхэмкIэ зэрегугъуар нэрылъагъуу теплъэфI яIэщ. Бэджэндырылажьэхэм я Iуэхур лъэныкъуэ куэдкIэ къащегъэпсынщIэ механизатор бригадэхэм зэкъуэту лэжьыгъэр къызэрырахьэлIэм. КIэртIофым и къэтIыжыным нэхъапэм къуажэдэсхэр кIыхьу пэрыту щытамэ, иджы псори трактор вабдзэм кIэрыхуншэу къетIыж. Губгъуэ лэжьакIуэхэм нэхъыбэу къалъысыжыр абы и зэхэдзынырщ. АдэкIэ ар «Кавказ» гъуэгум и Iуфэхэм пэмыжыжьэу кърашалIэ, икIи тыншу ящэ.

**НЫР Iэуес.**

● Жыжьэ - гъунэгъу

# ЛIыхъужьхэр ягу къагъэкIыж

**1992 - 1993 гъэхэм екIуэкIа Куржы-Абхъаз зауэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэкIуэдахэм я фэеплъу Налшык дэтым фокIадэм и 30-м удз гъэгъахэр тралъхьащ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, фокIадэм и 30-м Абхъазым и текIуэныгъэкIэ иухауэ щытащ а зауэр. Ди къуэш абхъазхэм зыщIагъэкъуэну, ядэзэуэну абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу кIуауэ щытащ цIыху 1562-рэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 61-р абы хэкIуэдащ, 4-р хъыбарыншэ хъуащ.

2008 гъэм шыщхьэуIум и 26-м Урысей Федерацэми нэгъуэщI къэрал зыбжанэми Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуиту къалъытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лIыхъужьхэр фэеплъым деж ягу къыщагъэкIыжащ Абхъаз зауэм щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Яхэгуауэ Къазбэч, Урысеидзэм и подполковник Къэшэж Валерэ, Абхъазым щызэуахэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Шорэ Анзор, зауэм хъыбарыншэу хэкIуэда Улаков Аслъэн и шыпхъу Розэ, нэгъуэщIхэми.

**ГЪУКIАПЩЭ Марианнэ.**

*Сурэтыр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*



● Щэнхабзэ

# Бжьыпэр яIыгъщ

**Сочэ щекIуэкIащ УФ-м и Арткомитетым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и жэрдэмкIэ илъэс къэс зэхаублэ, лъэпкъ къафэхэмкIэ зи чэзу фестивалыр.**

ЛЪЭПКЪХЭР зэкъуэгъэувэныр, нэгъуэщI къэралыгъуэхэм щыпсэухэм пыщIэныгъэ яхудиIэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт мы Iуэхум и фIыгъэкIэ ди республикэм и творческэ гуп куэд дунейпсо утыкум йохьэ икIи ехъулIэныгъэ яIэу зыкъагъэлъагъуэ.

КъэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ художественнэ ансамблу 70-м нэс зыхэта зэпеуэм фIым я фIыжу зыкъыщагъэлъэгъуащ зи зэфIэкIхэр куэдым зэлъащIыса «Нарт шыр», «Дыгъэ шыр», «Дети гор» «Вдохновение» къэфакIуэ гупхэм. Абыхэм кърataщ щытхъу тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

Фестивалым мыхьэнэ ин иIащ ди лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэр гъэбыдэным и мызакъуэу, ди фащэхэр гъэлъэгъуэнымкIи.

«Илъэс къэс бжьыпэр зэрыдубыдым къищынэмыщIауэ, гуапэщ, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ мамырыгъэмрэ езыгъэфIакIуэ Артиадэм хэтыну къекIуэлIэхэм къазэрыхэхъуэр», - жиIащ Кавказ Ищхъэрэ Арткомитетым и унафэщI Бейтыгъуэн Iэуес.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Хъыбар гуапэ

# ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфащэ

**Мэзкуу къикIыу мы махуэхэм хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. Ди лэжьэгъу, «Адыгэ псалъэ» газетым къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Хьэжыкъарэ Алик связым, информацэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм зегъэужьынымкIэ фIыщIэхэр зэриIэм икIи илъэс куэд щIауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Урысей Федерацэм Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ, а IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Никифоров Николай и Iэ щIэлъу.**

ПЩIЭ зыхуэтщI ди лэжьэгъу Хьэжыкъарэ Алик дохъуэхъу. И узыншагъэрэ и гуащIэрэ мыкIуэщIу, фIыгъуэр и бэу, и унэр берычэту, и щIэблэм я насыпым и псэр игъэнэхурэ дуней тетыкIэу къагъэлъагъуэр и гум ехуэбылIэу, и IэнатIэм дяпэкIи щехъулIэрэ хулъэкIахэми щыгуфIыкIыжу, щIыуэ зытетыр и щIэщыгъуэу илъэс куэдкIэ иджыри псэуну Тхьэм жиIэ!

*«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.*

# КъБКъУ-м и медицинэ колледжым къыщыхъуам теухуауэ абы и унафэщI Пщыбий Светланэ жиIар

**- ФокIадэм и 30-м КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и актовэ пэшым терапиемкIэ и лекцэ здекIуэкIым, узыфэ гъэтIылъа зиIэ еджакIуэр къызэIыхьащ. ЕгъэджакIуэмрэ студентитIрэ дэIэпыкъуурэ ар пэшым къыщIашащ. Абы иужь иту еджакIуэ зыбжанэм я узыншагъэр къызэIыхьащ. «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэхэм щхъухь гуэр псоми зэран яхуэхъуауэ къалъытэри, нэгъуэщI дохутырхэри кърaджащ. Ди егъэджакIуэхэри студентхэм я гъусэу сымаджэщым кIуащ.**

НАЛШЫК къалэ и клиникэ сымаджэщ №1-м цIыху 19 яшати, псоми я узыншагъэр дохутырхэм, абы токсикологи яхэту, къапщытащ. Абыхэм я узыншагъэм ущIытегузэвыхьын щхьэусыгъуэ щымыIэу къалъытащ. Сымаджэщым и дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, студентхэр езыхэр зэрыгъэгужьеижауэ аращ. А махуэм и пщыхьэщхьэм псори я унэхэм ягъэкIуэжащ. Мы зэманым абыхэм я гъащIэмкIи, я узыншагъэмкIи шынагъуэ щыIэкъым.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, республикэм и IэнатIэ псори жыджэру Iуэхум къызэрыпэджэжар. Дакъикъи 3-5-м къриубыдэу «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм», КъБР-м щыIэ МЧС-м, МВД-м, Роспотребнадзорым я лIыкIуэхэр, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр, нэгъуэщIхэри къэсащ, - жиIащ медицинэ колледжым и унафэщI Пщыбий Светланэ.

Къэхъуам и пэжыпIэр зэхэзыгъэкIыну комиссэ университетым къыщызэрагъэпэщащ.

Роспотребнадзорымрэ КъБР-м щыIэ МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэм и лабораторэмрэ я лэжьакIуэхэм студентхэр зыщIэса пэшым хьэуар къыщапщытащ. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, шынагъуэ лъэпкъ къыщагъуэтакъым.

Мы зэманым къэхъуар зэхагъэкI.

*КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Узыншагъэ

# Дохутырхэр Налшык щызэхуос

**Жэпуэгъуэм и 14 - 15-хэм Налшык щекIуэкIынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм узыфэ зэрыцIалэхэр зыпкърытхэм еIэзэ и дохутырхэр зыхэт III щIэныгъэ-практикэ конференц.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтынущ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и штатым хэмыт, инфекционист нэхъыщхьэ Шестаковэ Иринэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм уз зэрыцIалэхэмкIэ и дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Городин Владимир, Москва къалэм дэт Япэ медицинэ къэрал университетым, Сеченовым и цIэр зезыхьэм, гастроэнтерологиемкIэ и кафедрэм и профессор Абдурахманов Джамал, КИФЩI-м и щIыналъэхэм я IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ и центрым и дохутыр нэхъыщхьэ, конференцым и къэзыгъэпэщакIуэ Иуан Мадинэ зэрыжиIэмкIэ, илъэс ещанэ хъуауэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр Налшык щрагъэкIуэкI икIи а зэманым къриубыдэу щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэн я IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым хэхъуэнымкIэ, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъуэжэнымкIэ ар IэмалыфIщ.

Конференцыр жэпуэгъуэм и 14-м сыхьэти 10-м «Синдика» интур-хьэщIэщым къыщызэIуахынущ, абы хэтыну кърагъэблэгъащ КИФЩI-м, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и хэгъуэгухэм я терапевтхэр, педиатрхэр, узыфэ зэрыцIалэхэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырхэр.

ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ УФ-м, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ я министерствэхэм, СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ япэщIэтынымкIэ центрым.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*















● Лъэпкъ Iуэху

# Адыгэхэм я утыкушхуэ

**Хъыбар зэрывэдгъэщIащи, Налшык къалэ щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XI зимычэзу Конгрессыр. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Голландием, Израилым, КъБР, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар, Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ - Алание щIыналъэхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр.**

КОНГРЕССЫМ хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, апхуэдэу телеграммэхэр къагъэхьащ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**, Абхъаз Республикэм и Президент **Хаджимбэ Рауль** сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ зимычэзу Конгрессыр зэхэшэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар ДАХ-м и Уставым урысей хабзэм тету зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, ар IэIэткIэ къащтэн зэрыхуейр зэрыарар, апхуэдэуи жиIащ Хасэшхуэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур икIи а лъэхъэнэм къриубыдэу а зэгухьэныгъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм, абы Iуэху щызыщIахэм я гуащIэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ.

Адыгэм и тхыдэм, абы и къекIуэкIыкIам, нобэ и псэукIэм теухуа фильм кIэщI къызэхуэсахэр еплъа нэужь, Сэхъурокъуэ Хьэутий ириплъэжащ илъэс 25-рэ ипэкIэ къызэрагъэпэща Хасэр зрикIуа гъуэгум.

Къалмыкъ Юрэ и пашэу ДАХ-м ича япэ лъэбакъуэхэр, Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр Хасэр лъэ быдэкIэ увын щхьэкIэ зэфIихахэр, Акъбащ Борис зэман нэхъ зэрыхьэзэрий дыдэхэм илэжьахэр, Нэхущ Заурбий илъэсихкIэ зэрихьа Iуэхухэр, а лъэхъэнэм хамэ къэралхэм щикъухьа адыгэхэр зэпыщIэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIар, Дзэмыхь Къасболэт илъэсищкIэ зи ужь итахэр нобэрей IуэхуфIхэм лъабжьэ зэрахуэхъуар, Ажахъуэ Къанщобий лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ Iуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщакIуэ нэсу зэрыщытар къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Сэхъурокъуэм. Апхуэдэуи езыр тхьэмадэу зэрыщыта блэ-кIа илъэсиплIым япэ ита нэхъыжьхэм яукъуэдия Iуэхухэр нэхъри зэрагъэкIуэтэным, ДАХ-м и ХабзэкIэ ягъэбелджыла къалэнхэр зэрагъэзэщIэным зэрыхущIэкъуам, Сирием къыщыхъея зауэм бэлыхь хидза ди лъэпкъэгъухэм ядэIэпыкъунымкIэ, хэкум къэзыгъэзэжахэм унэ къахуэщэхунымкIэ зэфIагъэкIахэм тепсэлъыхьыжащ Хьэутий.

Хасэшхуэм и Хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр арат, нэхъыщхьэу щIызэхуэсари, УФ-м и хабзэхэм къызэрагъэувым тету хэлъхьэжыпхъэхэр яубзыхуауэ щытти, **Къуэдзокъуэ Анатолэ** утыку кърихьа а IыхьэхэмкIэ зэчэнджэщыжри, псори зэдэарэзыуэ IэIэткIэ къызэдащтащ.

ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зы, апхуэдэ зэгухьэныгъэ дуней псом щикъухьа адыгэ лъэпкъым иIэн зэрыхуейр япэ дыдэу зигу къэкIа, къыхэзылъхьа **Хьэткъуэ Фатхьи** жиIащ:

- Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхур япэ дыдэу къыщетхьэжьам, ар диIэн зэрыхуеймкIэ псори арэзы къыддэхъуат, ауэ абы и штабыр щылэжьэну щIыналъэм иризэдауэрт. Голландием къэвгъанэ жызыIаи щыIащ, нэгъуэщI щIыпIэхэм тхьыну зыфIэкъабылхэри къытхэтащ, ауэ нэхъыбэр зи телъхьэр ДАХ-м и IуэхущIапIэр хэкужьым итын зэрыхуейрт, - жиIащ Фатхьи. - КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий Iуэхур щетIуэтылIэм занщIэу акъылэгъу къыддэхъури, Налшык зэIущIэ ин щедгъэкIуэкIыгъащ. Абы лъандэрэ ди зэгухьэныгъэ иным дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм зыдищIурэ нэхъри зиубгъуурэ къогъуэгурыкIуэ. Сэ си хъуэпсапIэщ дэнэ щыпсэу адыгэми я лIыкIуэхэр мыпхуэдэу зэхуэсурэ лъэпкъ Iуэхур ягъэкIуатэу иджыри куэдрэ лэжьэну.

АдэкIэ конгрессым и лэжьыгъэм къыпищэу, ДАХ-м и Хасащхьэмрэ ГъэзэщIакIуэ гупымрэ хэтхэр тепсэлъыхьащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым.

Сирием иджыпсту щекIуэкIхэмрэ абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху зыIутымрэ Хасэшхуэм хэтхэр щигъэгъуэзащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу хаха **ХьэпащIэ Ниязи**.

- Фэ фыщыгъуазэщ илъэситху ипэкIэ, зауэр къэмыхъей щIыкIэ, Сирием ис адыгэхэм уни лэжьыгъи яIэу дэгъуэу зэрыпсэуам, - жиIащ Ниязи. - Абы лъандэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу Сирием адыгэу исам и ныкъуэр Иорданием, Тыркум, Европэм Iэпхъуащ, хэкум къэкIуэжахэри щыIэщ. Нобэ Сирием адыгэ мин 50 хуэдиз исыжу аращ. Я уни, я лъапси, я мылъкуи къранэри, я щхьэр хъума щыхъун щIыпIэ къалъыхъуэу зэбгрыкIащ. Иджыпсту абы я нэхъыбэр Дамаск дэсу аращи, ООН-м, хэкурысхэм зэрызыкъытщIагъакъуэм Iэмал къыдет хущхъуэкIэ, щыгъынкIэ, шхынкIэ цIыхухэм дадэIэпыкъуну. МафIэ лыгъэр нэхъ махэ хъуа щхьэкIэ, ди цIыхухэм я гугъуехьыр къэтIэсхъакъым, ди жагъуэ зэрыхъущи.

Ниязи и псалъэм къызэрыхигъэщамкIэ, зауэр нэхъ кIащхъэ хъуами, нэгъуэщI зы гугъуехь къалъыкъуэкIащ - иджы адыгэхэр зэрыдакъузэным иужь итщ, зэрыхэхэсыр кърaIуэкIыу. Абы ипкъ иткIэ, ХьэпащIэм ДАХ-м и тхьэмадэмрэ абы хэтхэмрэ захуигъэзащ ди лъэпкъэгъухэм хэкум къагъэзэжынымкIэ щыIэ Iэмалхэр къыхузэрагъэпэщыну, куэд щIауэ зи ужь ит Iуэхур - Урысейм адыгэхэр и хэкуэгъуу къилъытэу тыншу кърихьэжын папщIэ иджыри зэ федеральнэ унафэщIхэм захуигъэзэну.

Анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ зыуэ щыт адыгэ алыфбей къыдэгъэкIынымрэ теухуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м абы елэжьу иIэ комитетым и унафэщI **Щоджэн Iэминатрэ** а къудамэм хэт **Табыщ Муратрэ**.

- Анэдэлъхубзэр хъумэным теухуа упщIэр къаIэтыну зыфIэфIыр куэдщ иужьрей зэманым, ауэ щытыкIэр езыгъэфIэкIуэфыр мащIэщ, - жиIащ Щоджэным. - Зи гугъу тщIы Iуэхур ипэкIэ кIуэтэн папщIэ сэбэп хъухэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд иригъэжьа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр. Иджы ар ди лъэпкъэгъухэр зэрыс адрей республикэхэми къащтауэ зэрырагъэкIуэкIыр гуапэ тщохъу.

БлэкIа илъэсым Хасэм хэтхэр жыджэру хэлэжьыхьащ а зэпеуэм и къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным. Мыбдежым къыжыIапхъэщ зэхьэзэхуэм и къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъур: адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм я пщIэр къэIэтыным, IэмалыщIэхэр егъэджэныгъэм къыщыгъэсэбэпыным ахэр зэрехъулIэр къэгъэлъэгъуэным нэмыщI, мы зэпеуэм нэрылъагъу ещI абы хэтхэр зэры- хэкупсэ нэсыр, я Iуэхум пэжу зэрыпэрытыр. Абы и щапхъэ нэсщ Псыгуэнсу къуажэм и курыт еджапIэм и мызакъуэу, зэрыжылэу хэту къызэрагъэпэща фестивалыр, хабзэм, бзэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа дауэдапщэхэр.

Псори къапщтэмэ, КъБР-м и щIыналъэу бгъум щекIуэкIащ зи гугъу тщIы фестиваль-зэпеуэр. Абы и мыхьэнэр пхужымыIэным хуэдизщ ди щIэблэр гъэсэным, бзэр, хабзэр хъумэным теухуауэ.

Апхуэдэу Черкесск къалэм щекIуэкIащ бзэм елэжьхэм я конференц. Ар къызэригъэпэщащ УФ-м ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр, ди комитетыр и щIэгъэкъуэну. Абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщт адыгэбзэр хъумэным икIи зегъэужьыным и хэкIыпIэхэр, адыгэ литературэмрэ адыгэ тхыбзитIым я зы тхыпкъылъэмрэ, IуэрыIуатэр, бзэр, лъэпкъ хабзэр зэрырагъэджыр егъэфIэкIуэныр, хэхэс адыгэхэм адыгэбзэр зэрырагъэджым и Iуэху зытетыр, нэгъуэщIхэри. Зэхуэсым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ бзэщIэныгъэлIхэр, аспирантхэр, школ егъэджакIуэхэр.

Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщыным теухуауэ нэхъ убгъуауэ къэпсэлъащ **Табыщ Мурат**. Абы къыхигъэщащ адыгэбзэм иIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр къыщежьар зэрымынобэр, къэпсэлъыкIэ и IуэхукIи, тхыбзэ и лъэныкъуэкIи зэпэблагъэ хъуным утелэжьэныр фIэигъуэу къызэрилъытэр.

Абы теухуа псалъэмакъ куэд илъэс бжыгъэ хъуауэ къызэрекIуэкIыр къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ **Нэхущ Заурбий**. «Мы Iуэхум куэд щIауэ дропсалъэ, дролажьэ. Адыгэ псоми зэдай зы тхыбзэ зэхэлъхьэным теухуа унафэ КъБР-м и Парламентым къищтауэ щытащ, ауэ а лъэхъэнэм ар Адыгэ Республикэм къызэрыддимыIыгъар фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейщ, апхуэдэ дыдэуи щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм мыбы хуаIэ еплъыкIэхэр зэтехуэркъым. Пэжщ, бзэр нэхъ зэпэгъунэгъу пщIымэ нэхъыфIщ, ауэ тIу къудей ухъурэ а тIур а Iуэхум теухуауэ узэгурымыIуэфмэ, убэкъуэфынукъым. Иджы ДАХ-м зы комитет къызэригъэпэщрэ бзэм елэжь IэщIагъэлIхэр хэту пIалъэ гуэркIэ лажьэмэ, хэкIыпIэ нэхъ къагъуэтыну пIэрэ жысIэу соплъ. Армыхъумэ, ар мыбдеж унафэ къыщыфщтэ къудейкIэ зэфIэкIыну Iуэхукъым», - жиIащ Нэхущым.

Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щIалэгъуалэр Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, я щIэблэр АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Краснодар крайм я сабий зыгъэпсэхупIэхэм къегъэблэгъэным теухуауэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэрызэдэлажьэм теухуауэ къыщыпсалъэм, Табыщ Мурат къыхигъэщащ иджыпсту адыгэ щIалэгъуалэу Иорданием, Тыркум, Сирием къикIауэ КъБКъУ-м цIыхуи 100 хуэдиз зэрыщеджэр абыхэм я Iуэху зыIутри къипщытати, зэпкърыхауэ утыку кърихьащ.

КъБР-м и жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** псалъэ щратым жиIащ:

- Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм лъэныкъуэ зыбжанэкIэ дадолажьэ. Зы лъэныкъуэр зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэращи, цIыхухэм зэрахэдгъэхьэн, бзэм зэрыхэдгъэгъуэзэн, адэжь хэкур зэредгъэлъагъун Iуэху зыдохуэ. - Сэ сытым дежи къыхызогъэщ нэхъ къиину дызрихьэлIэ Iуэхугъуэр - хэкужьым къагъакIуэ щIалэгъуалэр къыщыхахкIэ, мащIэми, адыгэбзэ тIэкIу ящIэмэ, зэрынэхъ тыншыр икIи сэбэпыр. Зы адыгэбзэ псалъэ зымыщIэ сабийм бзэр игу ирибгъэхьынуи ебгъэщIэнуи гугъущ мыбы зэрыщыIэ зэман мащIэм къриубыдэу. ЕтIуанэу, нэгъуэщI щIыналъэ щылажьэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм захуэзгъэзэнут. Илъэс 12-15 хъу сабийхэращ къедгъэблэгъэну хуитыныгъэ къыдатри, а ныбжьым щхьэдэха къэвмыгъэкIуэну сыныволъэIу.

Дэ щхьэхуэу дадолажьэ Налшык щеджэ студентхэми. Университетым абыхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэм къыдэкIуэу, дэри зы илъэсым къриубыдэу къуажэхэм зыбжанэрэ дошэ, я псэукIэр, зэхэтыкIэр едгъэлъагъуну, яIурылъ адыгэбзэр зэхедгъэхыну, щIалэгъуалэр ныбжьэгъу зэхуэхъунымкIэ дыщхьэпэну.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** тепсэлъыхьыжащ Израилым щыIэ адыгэ къуажитIым - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ гъэ къэс чэзууэ къыщызэрагъэпэщ Адыгэ щэнхабзэм и фестивалым иджы япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр зэрыхэтам. Абы концерт щатащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Ислъэмей» уэрэджыIакIуэ гупым (АР) хэтхэмрэ. ХьэфIыцIэм жиIащ я хэку пэIэщIэми, адэжь щIэинхэр хуэсакъыу яхъумэу, анэдэлъхубзэр шэрыуэу яIурылъу, адыгэ хабзэр я Iэпэгъурэ я деж лъэпкъ зэхэщIыкIым зыщиужьауэ ди къуэшхэр Израилым зэрыщыпсэур.

АдэкIэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз Академием я академик, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цIэкIэ щыIэ литературэ саугъэтхэм я лауреат, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр зыхуагъэфэща МэшбащIэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур игъэлъапIэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, 2016 гъэр абы и илъэсу зэрекIуэкIыр. ХьэфIыцIэм жиIащ Налшык къалэмрэ КъБР-м и районитIымрэ кърагъэблагъэу Iэтауэ зэрагъэлъэпIар, Адыгэ Республикэм МэшбащIэм и щIыхькIэ щрагъэкIуэкIа пшыхьым ДАХ-м и лIыкIуэхэр зэрыхэтар, иджыри гъэр иухыху апхуэдэ дауэдапщэхэр адыгэ зэрыс республикэхэм зэрыщекIуэкIынур.

Урысеймрэ адрей къэралхэмрэ щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэуIу щIыным, ДАХ-м лъэпкъ, дин зэгухьэныгъэхэм яхуиIэ зэпыщIэныгъэм къытеувыIащ **Бырс Реджаи**, **Бырсекъуэ Орфан** сымэ.

ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ Сэхъурокъуэ Хьэутий яритащ лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлажьэ ди лъэпкъэгъухэм, хьэщIэхэм. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Геккиев Заур, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Бразилием щекIуэкIа Олимп джэгухэм щытекIуа Мудрэн Беслъэнрэ абы дыжьын медаль къыщызыхьа Джэду Iэниуаррэ (ДАХ-м къыбгъэдэкIыу адыгэ фащэ зыриз абыхэм тыгъэ яхуищIащ Сэхъурокъуэм), илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм ДАХ-м и тхьэмадэу щытахэм, спортым, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, медицинэм, гъуазджэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа лъэпкъэгъу нэсхэм. Олимпиадэм щытекIуа щIалитIым Тыркум щыпсэу адыгэхэм къабгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэмрэ бгъэхэIухэмрэ яритащ КАФФЕД-м и тхьэмадэ Хьэгъундокъуэ Яшар.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**





















*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Беслъэней щыщ Францескэ

● ДифI догъэлъапIэ

**Адыгэ унагъуэхэм цIэ къызэрымыкIуэхэр къахэзыхьэ щхьэусыгъуэхэм язщ киноущIэхэр. «Романрэ Францескэрэ» фильмращ япэу щызэхихар Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Беслъэней къуажэм щыщ Уэхъутэ Япон и къуэ Романрэ ипхъу Францескэрэ яфIища цIэхэр.**

«ДАУЭ, зиунагъуэрэ, псэ зыIут цIыхум «Францескэ» зэрыфIэпщынур?» - и фIэщу шхыдэрт хъыджэбз цIыкIур зыщIэс Беслъэней къуажэ школым тхыдэмкIэ и егъэджакIуэр. АрщхьэкIэ езы хъыджэбзым и насып кърихьэкIыу и цIэджэгъу куэд здэщыIэ Италием къыщыщыхутэм, зигъэщIагъуэурэ и паспортыр бысымхэм яригъэлъагъурт, «Урысейм щыщ Францескэ» жаригъэIэу.

ЦIэ къызэрымыкIуэ зиIэм и гъащIэ гъуэгури апхуэдэщ: хамэ къэралыбзэхэр щаджу Псыхуабэ дэт институтыр къэзыуха хъыджэбзыр Беслъэней школым егъэджакIуэу, Хъумэрэ - пионервожатэу, сабий садым гъэсакIуэу щылэжьэху, хуэмурэ езым и сабийри къыдэкIуэтейщ, и унагъуэр зэтеувэри, къуажэ тхьэмадэу лэжьа и адэм ижь къызэрыщIихуам и нэщэнэхэр къэлъэгъуэн щIидзащ. ОВИР-р лэжьакIуэ хуэныкъуэу щызэхихым, пщащэр абы мэув, абдежым щегъэжьауи цIыхумрэ абы и хуитыныгъэмрэ пыщIа и къулыкъухэр щIэх-щIэхыурэ ихъуэжурэ лэжьыгъэм кууэ хэпщIа мэхъу. Зэманым зыкъыкIэримыгъэхуу, абы Хабзэм щыхурагъаджэу Саратов дэт академиемрэ абы и аспирантурэмрэ къеухыж. Нобэ Астэжь Францескэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ.

Къулыкъуущ Iэ псоми я къалэныр зэщхьщ - лэжьакIуэхэм, къуажэ - жылэм я Iуэху дэгъэкIыныршщ, псэукIэ хабзэхэр захуагъэм тету зэтеублэныршщ. А лэжьыгъэм щапхъэ куэд къыщыпхьыфынуми, утепсэлъыхьынкIэ къызэрыкIуэу махуэкъэс Iуэхущ. Езы Францески зэрыжиIэщи: «Дэ ди лэжьыгъэр Iупщ Iу плъагъуу щыткъым, махуэ къэс ди пщэ къыдэхуэ къалэн-



хэр Iэуэлъауэншэу, лъэпощхьэпо къыхэмыхуэу зэфIэдгъэкIыфмэ, ди пщэрылъыр нэгъэсауэ етхьэкIыу аращ». 2011 гъэм КъШР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ Францескэ къыхуагъэфэщащ «Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и къэрал лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Жэуаплыныгъэ пылъу и IэнатIэ мытыншыр езыхьэкI бзылъхугъэм и Iуэхухэр адэкIи ефIэкIуэну дохъуэхъу.

**МИХАЙЛОВЭ Ольгэ.**
*Черкесск.*

● Футбол

# Аргуэрыжьти, бжыгъэр къызэIуахакъым

**«Тамбов» (Тамбов) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Тамбов. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 2-м. ЦIыху 2900-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Матюнин (Мэзкуу), Ширяев (Ставрополь), Веретешкин (Санкт-Петербург).

**«Тамбов»**: Смирнов, Шляков, Овсиенкэ, Рыбин, Столяренкэ, Чернышов (Алумонэ, 46), Шевчук, Аверьянов (Каюмов, 76), Трусевич, Поярков, Дорожкин.

**«Спартак-Налшык»**: Антипов, Мурачёв, Тебэрды, Дашаев, Мэкъуауэ, Войнов, Крамаренкэ (Ахриев, 49), Багъэтыр (Соблыр, 63), Мухьэммэд (Марченкэ, 83), Дроздов, Гугуев (Ахьядов, 75).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Крамаренкэ, Багъэтырым, Трусевич, Сорокиным, Аверьяновым.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Астрахань къалэм текIуэныгъэр къыщихьауэ екIуэлIэжа «Тамбов»-м и ехъулIэныгъэм адэкIи пищэну и мурадт. Абы хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуа «Спартак-Налшыкми» зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зы «Тосно»-м екIуу зэрыпэщIэтыфам дэрэжэгъуэ кърита т. Зи къарур зи фIэщ хъужа лъэныкъуитIми я зэпэщIэтыныгъэр удэзыхьэх зэрыхъунум шэч хэлътэкъым.

ХьэщIапIэ щыджэгу пэтми, налшыкдэсхэр зыкIи икIуэтакъым. Уеблэмэ абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр хэпщIыкIыу нэхъ лъэщт. Сыти жыIи, ди щIалэхэм Iэмал гъуэзэджэу плIы яIащ бжыгъэр къызэIуахыну. Псом хуэмыдэу абы пэгъунэгъуащ зэIущIэм и кIэухым и закъуэу хэгъэрейхэм я гъуэм бгъэдыхьа Соблыр Астемыр. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, «Спартак-Налшыкыр» аргуэру джэгугъуэ губгъуэм къикIыжащ зы топи димыгъэкIыфауэ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, ар мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыебланэ апхуэдэ зэIущIэщ. Топ дэгъэкIынымкIэ «Спартак-Налшыкым» иужь къитыр кIэух увыпIэр зыIыгъ «Балтика»-м и закъуэщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пашэныгъэр щигъэбыдащ Мэзкуу и «Динамо»-м. Саранск щыIэу ар ефIэкIащ иджыблагъэ премьер-лигэм къыдыхэта «Мордовия»-м.

ЕтIуанэ увыпIэм къыщынами, мэзкуудэсхэм нэхъыбэжкIэ къакIэрыху хъуащ Ленинград областым и «Тосно»-р. И стадионым щыджэгуу абы къытекIуащ Владивосток къикIа «Луч-Энергия»-р.

Япэ ищахэм ялъэщIыхьэжыфыну Iэмал иIат «Факел»-м. АрщхьэкIэ ар Воронеж къалэм щыпэлъэщыфакъым «Тюмень»-м.

Премьер-лигэм щIэбэныну Iэмал къезыт увыпIэхэм нэсащ «СКА-Хабаровск» командэр. Хуабжьу къехьэлъэкIами, ар ефIэкIыфащ Астрахань икIа «Волгарь»-м.

ИкIэм-икIэжым и стадионым щытекIуэфащ Краснодар и «Кубань»-р. Абы и фIыгъэкIэ ар турнир таблицэм зымащIэкIэ щыдэкIуэтеящ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Кубань»** (Краснодар) - **«Енисей»** (Красноярск) - **2:1**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **2:1**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:1**, **«Химки»** (Химки) - **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **2:1**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **0:0**, **«Тосно»** (Ленинград область) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:2**, **«Факел»** (Воронеж) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **0:0**, **«Сокол»** (Саратов) - **«Шинник»** (Ярославль) - **2:2**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» жэпуэгъуэм и 8-м иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэм кърагъэблэгъэнущ «СКА-Хабаровск» командэр.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Динамо»** | **14** | **11** | **2** | **1** | **27-10** | **35** |
| 2. | **«Тосно»** | **15** | **8** | **5** | **2** | **23-12** | **29** |
| 3. | **«Факел»** | **15** | **7** | **5** | **3** | **20-12** | **26** |
| 4. | **«Спартак-2»** | **15** | **6** | **6** | **3** | **21-15** | **24** |
| 5. | «СКА-Хабаровск» | 15 | 6 | 6 | 3 | 19-16 | 24 |
| 6. | «Шинник» | 15 | 6 | 5 | 4 | 17-12 | 23 |
| 7. | «Зенит-2» | 15 | 5 | 7 | 3 | 17-15 | 22 |
| 8. | «Енисей» | 15 | 6 | 3 | 6 | 16-15 | 21 |
| 9. | «Волгарь» | 15 | 6 | 2 | 7 | 18-22 | 20 |
| 10. | «Тюмень» | 15 | 5 | 4 | 6 | 16-18 | 19 |
| 11. | «Тамбов» | 15 | 4 | 6 | 5 | 13-15 | 18 |
| 12. | **«Спартак-Налшык»** | **15** | **3** | **8** | **4** | **10-11** | **17** |
| 13. | «Луч-Энергия» | 15 | 4 | 4 | 7 | 12-18 | 16 |
| 14. | «Кубань» | 15 | 3 | 7 | 5 | 13-16 | 16 |
| 15. | «Химки» | 14 | 3 | 6 | 5 | 12-20 | 15 |
| 16. | **«Сибирь»** | **15** | **2** | **9** | **4** | **12-15** | **15** |
| 17. | **«Сокол»** | **15** | **2** | **9** | **4** | **16-18** | **15** |
| 18. | **«Нефтехимик»** | **15** | **3** | **5** | **7** | **12-21** | **14** |
| 19. | **«Мордовия»** | **15** | **3** | **3** | **9** | **12-18** | **12** |
| 20. | **«Балтика»** | **15** | **2** | **6** | **7** | **9-16** | **12** |

● Налшык

# БлэкIам и Iэужь дахэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур щагъэлъэпIа махуэм къыщыщIэдзауэ мы уэрамыр зэуэ цIыху кIуапIэ хъуащ.**

АР СЫТКIИ гъэщIэгъуэнщ, мыбдежым щэнхабзэнэгузыужь программэу щагъэлъагъуэр къэплъытэмэ. Къапщтэмэ, махуэку къэс «Победа» кинотеатрым и гупэм деж духовой оркестрым зэман блэкIам и макъамэхэр щегъэзащIэ. Я щIалэгъуэр ягу къагъэкIыжу абы къыдэфэн папщIэ абдежым къыщызэхуос ныбжь зиIэхэри, ауэ къэфэну хуей щIалэгъуалэри.

Мэрем махуэр ныбжьыщIэхэм хухахауэ, псыутхым и деж концерт щат сабий художественнэ ансамблхэм. Щэбэтым Къэбэрдей уэрамым щокIуэкI щIалэгъуалэм яхуэгъэза нэгузыужь, псэкупсэ акцэхэр. Зэрыгурыгуэгъуэщи, а уэрамым къалэдэсхэри ди щIыналъэм къакIуэ хьэщIэхэри щызэшынукъым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Псэ къулей, дуней тетыкIэ дахэ зэриIэр и сурэтхэмкIэ нэрылъагъуущ

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм фокIадэм и 26-м «Магическая вышивка» фIэщыгъэм щIэту Энеевэ Алёнэ и гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахащ.**

IУДАНЭ зэблэдз хэдыкIыкIэм бзылъхугъэр хуэIэкIуэлъакIуэ зэрыхъуар выставкэр щекIуэкI пэшым щынэрылъагъут. Удз гъэгъахэр, хьэкIэкхъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, хьэндырабгъуэхэр, илъэсыщIэ псейр зэрагъэщIэращIэ хьэпшып цIыкIухэр, щхьэнтэ, сыхьэт нэгъунэ Алёнэ и хэдыкIымкIэ игъэщIэрэщIат. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнт абы сурэтхэр Iэзэу зэрыхидыкIыфар.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэIущIэр къыщызэIуихым ди республикэм щыпсэухэм я зэфIэкI лъагэм зэрыщыгугъфIыкIыр жиIащ.

- Сэ къызэрысщыхъумкIэ, мы гъэлъэгъуэныгъэм къекIуэлIа дэтхэнэми Энеевэм и IэкIуэлъакIуагъыр гъэщIэгъуэн ящыхъуащ. Сурэтхэр хэбдыкIын къэгъэнауэ, птхын къудейр гугъущ. Мыр Алёнэ и япэ гъэлъэгъуэныгъэу зэрыщытыр сощIэри, адэкIи къыпищэну дызэрыщыгугъыр жызоIэ,- къыхигъэщащ Къумахуэм.

- Куэдым ящIэжу къыщIэкIынщ иджыблагъэ мы пэшым Колкутин зэщхьэгъусэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ зэрыщекIуэкIар, - къыпищащ адэкIэ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**. - Айгюль и Сурэт хэдыкIахэр цIыхухэм ягу ирихьауэ щыжаIэм, Алёнэ и IэдакъэщIэкIхэмкIэ къыпытщэну мурад тщIащ. Iуданэ зэблэдз хэдыкIыкIэм лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIэ, абы зэману текIуадэм и гугъу умыщIи. Алёнэ мы Iуэхум творческэу бгъэдыхьащ, абы Iэмал гъэщIэгъуэнхэр къигъэсэбэпкIэрэ сурэт щимэхэр ищIащ. Мыбы къекIуэлIа дэтхэнэми игу ирихьын сурэт е хьэпшып зэририхьэлIэнум шэч къытесхьэркъым. Сэ сызэреплъымкIэ, Алёнэ хэдыкIымкIэ егъэджакIуэфI хъунут.

- Илъэс 20-м нэблэгъауэ Алёнэрэ сэрэ дызэныбжьэгъущ. Гъэлъэгъуэныгъэм зыщыхуигъэхьэзырым «ЦIыхухэм ягу ирихьыну пIэрэ?» - жиIэу къызэрымыкIуэу зэрыгузэвар сощIэ. IэкIэ щIа хьэпшыпым сыт зэмани щIэупщIэшхуэ иIэщ. Алёнэ и IэрыкIхэм къапкърыкI гуапагъэр, хуабагъэр псоми зыхэфщIауэ сыщогугъ. Нэхъри уефIэкIуэну си гуапэщ, - жиIащ «Деловая Россия» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и хэгъуэгу къудамэм и унафэщIхэм ящыщ **Васильченкэ Евгение**.

Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гацаловэ Галинэ** къыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ.

- Алёнэ и IэдакъэщIэкIхэр гъуазджэм и Iыхьэу къэплъытэныр щыуагъэкъым. Сэ сызэреплъымкIэ, мы гъэлъэгъуэныгъэм Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэ дунейм увыпIэ щхьэхуэ щиубыдынущ. Сыт хуэдэ къалэми мыпхуэдэ выставкэ къыщызэIуахыныр насыпу ялъытэнт, псом хуэмыдэу Осетие Ищхъэрэм.

● Гъэлъэгъуэныгъэ



IэпщIэлъапщIэхэр куэду диIэми, Алёнэ и IэдакъэщIэкIхэм хуэдэ зыщIыпIи сыщрихьэлIакъым. УнэлъащIэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэм уи гур хагъахъуэ. Алёнэ псэ къулей, дуней тетыкIэ дахэ зиIэ цIыхуу зэрыщытыр и сурэтхэмкIэ нэрылъагъущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# Зи IэщIагъэм хуэпэжхэр



**КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжым фокIадэм и 27-м щагъэлъэпIащ Сабий садым и лэжьакIуэхэм я махуэр.**

ПЕДКОЛЛЕДЖЫМ и унафэщI Пащты Тимур я еджапIэм и лэжьакIуэхэмрэ студентхэмрэ ехъуэхъуа иужь, сабий садым и гъэсакIуэхэм я пщэ къалэн ин, жэуаплыныгъэшхуэ къызэрыдэхуэр къыхигъэщащ.

- Ди еджапIэм зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр. ГъэсакIуэхэм жэуаплыныгъэшхуэ зэрытхьыр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ахэращ сабийм и зыужьыныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъыр, гъащIэм хэзышэр, - жиIащ абы.

- Сабийм цIыху нэс къыхэщIыкIыныр къалэн цIыкIукъым, ар зыхузэфIэкIынур шыIэныгъэ зыхэлъ гъэсакIуэ набдзэгубдзаплъэрщ, акъылыфIэрщ. Си фIэщ мэхъу апхуэдэ IэщIагъэлI къызэрыфхэкIынур, - захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм Налшык дэт сабий сад №37-м и гъэсакIуэ Аслъэн Любовь.

Педколледжым и «Дошкольное образование» къудамэм и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ гъэсакIуэм фIагъыу хэлъым тепсэлъыхьащ. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ а IэщIагъэр къыхэзыххэм сабийр фIыуэ ялъагъуу, шыIэныгъэ яхэлъу, губзыгъэу щытын зэрыхуейм.

Махуэшхуэ концертри нэгузыужьу къызэрагъэпэщат. Студентхэм таурыхъхэм щыщ теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. Мы гъэм Сочэ къалэм ХореографиемкIэ щекIуэкIа дунейпсо олимпиадэм и лауреат хъуа «Бгырыс» къэфакIуэ гупым къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къиIэтащ.

Пшыхьым и кIэухым студентхэм я егъэджакIуэхэм фIыщIэ псалъэхэр жраIащ.

*КъБКъУ-м и пресс - IуэхущIапIэ.*



КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм,«Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КъБР-медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Санэ Иринэ Умар и пхъур** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Санэ Иринэ Умар и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и лэжьакIуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм щэнхабзэ-нэгузыужь IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Санэ Иннэ Михаил и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Санэ Иринэ Умар и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

● Гу зылъытапхъэ

# Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

**Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм инджылызыбзэкIэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.**

**Ар ядолажьэ:**

**- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;**

**- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.**

**Курсым зезыгъэтххэр тхьэмахуэм щэ къекIуэлIэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кIэ еджэнущ. Япэ дерсыр пщIэншэу щытынущ.**

**Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.**

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Дыщэ кI Соня, *редактору* ЖьэкIэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Нэужьокъуэ Заирэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ , Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1544